



Pou Piblikasyon Imedya: 24/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE KLEMANS AK 10 MOUN EPI ANONSE FÒMASYON NOUVO KOMISYON KONSILTATIF SOU KLEMANS

*Gouvènè Hochul angaje li pou dedye resous siplemantè yo pou kapab akòde klemans sou yon baz kontinyèl pandan tout ane a, sa gen ladan yon komisyon konsilitatif ekspè san patipri yo*

*Gouvènè Hochul angaje li pou plis transparans ak komunikasyon avèk aplikan yo sou estati aplikasyon an*

Gouvènè Kathy Hochul te akòde jodi a klemans pou 10 moun ki te demonstre remò ak prèv reyabilitasyon. Moun ki seleksyone pou klemans yo te montre yon angajman pou amelyore kominote yo ak tèt yo, epi te seleksyone ak atansyon apre yon pwoesis revizyon apwofondi. Gouvènè a te anonse tou plizyè mezi pou refòme pwogram klemans Egzekitif la, sa gen ladan anonse ke li te bay Konsèy pou Gouvènè a enstriksyon pou seleksyone yon komisyon konsilitatif pou ede konseye Gouvènè a sou aplikasyon pou klemans yo. Komisyon an pral gen ladan ekspè san patipri nan domèn aplikasyon lalwa, defans publik, lajistis ak klèje, ansanm ak moun ki te pran prizon anvan.

"Kòm Gouvènè, mwen gen yon responsabilite inik ak solanèl pou byen itilize pouvwa klemans lan pou abòde moun ki nan sistèm jistis kriminèl la ki te fè erè epi te pran mezi ekstraòdinè pou reyabilite tèt yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen akòde klemans ak moun ki merite sa yo ki ge prèv reyabilitasyon epi mwen angaje m pou plis transparans ak responsabilite nan pwoesis sa alavni. Okenn moun pa ta dwe defini pa pi move erè yo, epi moun sa yo te travay san pran souf pou ekspye erè pa yo".

Gouvènè Hochul te anonse tou yon revizyon pwoesis klemans lan pou ogmante transparans ak amelyore pwoesis revizyon an. Tou dabò, Gouvènè a te angaje li pou dedye resous pèsònèl siplemantè pou revize aplikasyon yo pou kapab akòde klemans sou yon baz kontinyèl pandan tout ane a, olye pou akòde klemans sèl yon fwa. Resous siplemantè yo pral ede asire pwoesis kontinyèl sa a kapab fèt nan yon fason siyifikatif epi ke chak aplikasyon kapab resevwa atansyon total ak alè yo merite.

Pou amelyore transparans nan aplikasyon sou klemans lan ak pwoesis revizyon an, Gouvènè a te anonse tou ke nenpòt lè li aji sou klemans, biwo li a pral pibliye kantite ki

detaye konbyen aplikasyon pou klemans ki te livre apati kòmansman ane a jiskaprezan, epi konbyen ki te akòde oswa refize. De fwa pa ane, aplikan yo kote ka yo rete ouvri ak nan revizyon pral resevwa lèt ki konfime estati ka yo ak bay enfòmasyon sou fason aplikan an ka soumèt enfòmasyon siplemantè pou sipòte aplikasyon yo.

Biwo Gouvènè a pral travay tou avèk Biwo Klemans Egzekitif la nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè pou bay pi bon oryantasyon ak aplikan pou klemans yo sou ki enfòmasyon yo ta dwe enkli nan aplikasyon yo ak fason yo ta dwe mete biwo Gouvènè a okouran de chanjman yo nan sikontans ki ka afekte ka yo.

### **Padon**

**Ana Sanchez Ventura**, 64 ane, te viv yon lavi san krim pandan 19 ane, epi se yon manm aktif kominate lokal li, ki gen ladan yon sant lokal prensipal kote li te òganize soti ak ede koud ak bay plizyè santèn mask pandan pandemi COVID-19 la. Madan Sanchez gen twa timoun ak plizyè ptit ptit epi te viv nan Ozetazini pandan plis pase 45 ane. Yo te kondane li pou Tantativ Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 2002. Yon padon pral ede li rete avèk fanmi ak kominate li.

**Juan Vinas**, 56 ane, te viv yon lavi san krim pandan 30 ane epi te travay nan yon konpayi jesyon garaj nan Vil New York pou apeprè 25 ane. Li te viv Ozetazini pandan plis pase 40 ane, marye avèk yon sitwayen Ameriken epi se papa senk timoun Ameriken, youn ladan se veteran Lame Ameriken. Yo te kondane li pou de akizazsyon pou Fasilitasyon Kriminèl nan Dezyèm Degre an 1991. Yon padon pral ede Mesye Vinas jwenn yon kat vèt pou li kapab rete Ozetazini avèk fanmi li.

**Faustino Reyes**, 60 ane, te san krim pandan nèf ane, li te viv Ozetazini pandan plis pase 35 ane e li te marye ak yon sitwayèn Amerikèn pou plis pase twa deseni. Mesye Reyes te kondane pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 2012. Yon padon pral ede asire Mesye Reyes kapab rete nan Etazini avèk madanm li epi vwayaje san danje andeyò peyi a pou vizite fanmi li aletranje san krent pou yo refize li re-antre.

**Sandra Williams**, 65 ane, te viv yon lavi san krim pandan 25 ane epi te travay kòm yon èd swen adomisil an 1999. Li te viv Ozetazini pandan plis pase 50 ane epi te gen de timoun ak plizyè ptit ptit. Yo te kondane li pou Pwostitisyon, Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre, Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre, Tantativ Posesyon Kriminèl yon Pwopriyete yo Vòlè nan Senkyèm Degre ak Itilizasyon yon Sibstans Kontwole ant 1974 ak 1996. Yon padon pral ede asire li kapab rete Ozetazini avèk fanmi li.

**Francisco Vargas**, 53 ane, te viv yon lavi san krim pandan 18 ane. Mesye Vargas te kenbe travay li kòm anplwaye yon pakin epi se yon manm aktif nan legliz lokal li. Li te viv Ozetazini pandan plis pase 35 ane. Yo te kondane li pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre ak Tantativ pou Ofri yon Fo Materyèl pou Depoze nan Dezyèm Degre. Yon padon pral ede Mesye Vargas chèche sitwayènte

Ameriken ak rete Ozetazini ak lòt manm fanmi li ki se sitwayen Ameriken, sa gen ladan timoun, patnè, manman ak frè/sè li yo.

**Orlando Fernandez Taveras**, 46 ane, te viv san krim pandan 12 ane. Mesye Fernandez Taveras te vini Ozetazini lè li te gen anwiwon 16 mwa epi te viv isit la pandan plis pase 30 ane anvan yo te depòte li an 2014 akòz kondanasyon li yo. Li marye ak yon sitwayèn Amerikèn e li gen yon pitit Ameriken kote tou de te kite peyi a avèk li pou kenbe fanmi an ansanm apre depòtasyon li. Yo te kondane li pou Peti Lasen, Tantativ Ti Vòl, Posesyon Kriminèl Pwopriyete yo Vòlè nan Senkyèm Degre, Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre, Vyolasyon Kriminèl nan Twazyèm Degre, Tantativ Rezistans avèk Arrestasyon, Vyolasyon, ak Itilizasyon yon Veyikil ki pa Otorize nan Twazyèm Degre ant 1998 ak 2008. Yon padon pral ede Mesye Fernandez Taveras retounen Ozetazini avèk fanmi li, kote y ap rejwenn yon gwo rezon sitwayen Ameriken ak manm fanmi Rezidan Pèmanan Legal.

**Hanley Gomez**, 41 ane, te rete san krim pandan sèt ane. Mesye Gomez te viv nan Etazini depi lè li te gen uit ane, epi aktyèlman ap travay pou yon konpayi livrezon manje nan Vil New York. Li se volontè tou nan yon bank manje lokal. Mesye Gomez se premye swayan ak responsab pou timoun ki gen 10 ane li a. Yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre, Rezistans avèk Arrestasyon, DWAI ak Tantativ Fwod Kriminèl ant 1998 ak 2011. Yon padon pral ede asire Mesye Gomez kapab rete Ozetazini avèk pitit gason li ak fanmi elaji li.

**Juan Suazo**, 54 ane, te viv yon lavi san krim pandan 34 ane. Mesye Suazo se yon manm aktif nan legliz lokal li epi travay kòm chapant nan yon konpayi twati ak enpèmeyabilizasyon. Li marye avèk yon Amerikèn, li gen de pitit Ameriken epi te viv Ozetazini depi 1984. Yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Senkyèm Degre an 1986. Yon padon pral ede Mesye Suazo jwenn yon kat vèt pou li kapab rete Ozetazini avèk fanmi li.

**Edilberta Reyes Canales**, 56 ane, te viv yon lavi san krim pandan 12 ane epi te travay kòm yon èd swen adomisil pandan plizyè ane, sa gen ladan pandan pandemi COVID-19 la. Li se yon sivivan abi domestik. Madan Reyes te viv Ozetazini depi lè li te pran lafwit poutèt konfli nan peyi orijin li an 1988. Li se swayan prensipal ak founisè pou pitit gason li, ki se yon sitwayen Ameriken. Yo te kondane Madan Reyes pou Mepri Kriminèl nan Dezyèm Degre, Rezistans avèk Arrestasyon, Agresyon nan Twazyèm Degre, Mete Andanje Byennèt yon Timoun, Fo Deklarasyon yon Ensidan bay Lapolis nan Twazyèm Degre, ak Ti Vòl ant 2007 ak 2009, ak Tantativ Ti Vòl an 1993. Kondanasyon li yo ant 2007 ak 2009 te rive pandan yon peryòd nan lavi li lè li t ap eseye aktivman chape nan yon relasyon abizif. Yon padon pral ede Madan Reyes evite depòtasyon, kote l ap fè fas ak yon odyans ki gen pou fèt, epi rete Ozetazini avèk pitit gason li.

### **Atenyasyon Pèn yo**

**Roger Cole**, 55 ane, te kondane odepou san vennsenk ane pou lavi nan prizon, apre yo te fin jije li pandan epòk Lwa Rockfeller sou Dwòg kote pèn nan prizon ki te gen dire ki trè long te pwononse pou kondanasyon ki gen rapò ak dwòg. An 1989 ak 1992,

yo te kondane li pou senk Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Premye Degre ak yon Lavant Kriminèl yon Zam Afe nan Dezyèm Degre, ak Posesyon Kriminèl yon Zam nan Twazyèm Degre. Kondanasyon li a te answit redui nan apèl pou katreven senk rive san ane, kote Mesye Cole te sèvi kounye a pandan plis pase trant ane. Si se jodi a li te kondane, li posib ke li pa t ap fè fas ak yon pèn ki osi long. Pandan li te nan prizon, Mesye Cole te genyen GED li ak yon Diplòm De Ane epi te fini plizyè pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak sètifikasyon, sa gen ladan rechèch legal ak jesyon bibliyotèk dwa. Li te genyen tou yon sètifika dèské li te fini yon kou komès twa ane pandan li te nan prizon. Apre liberasyon li, Mesye Cole pral reyini avèk manman li ak lòt manm fanmi nan peyi orijin li Jamayik ki pral bay lojman ak ede li jwenn travay.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)